



Titre: Wòl vodou nan aplikasyon pedagoji rejeneratè ak reparatè

Auteur: Oibrillant Damus, Université de Sherbrooke, Université Laval, Université d'État d'Haïti

Revue: *Anthropologie des savoirs des Suds*, numéro 2

Dossier: Le rôle des savoirs du Sud dans la durabilité humaine, écologique et planétaire

Numéro dirigé par Oibrillant Damus (Université d'État d'Haïti, Université de Sherbrooke, Université Laval), Christine Focquenoy Simonnet (Université Lille 2), Chen Qiang (Université de Sanya), Joseph P. Saint-Fleur (Académie de Lille), Catherine Thomas (Association Comprendre et Soigner en Situation Transculturelle), Renata de Melo Rosa (Instituto Maria Quitéria)

Éditeur: Les Éditions de l'Université de Sherbrooke (ÉDUS)

Année: 2025

Pages: 84 - 112

ISSN: 2817-4070

URI: <https://hdl.handle.net/11143/23278>

DOI: <https://doi.org/10.17118/11143/23278>



Cet ouvrage est mis à disposition selon les termes de la licence Creative Commons [Attribution 4.0 International](https://creativecommons.org/licenses/by/4.0/).

WÒL VODOU NAN APLIKASYON PEDAGOJI REJENERATÈ AK REPARATÈ

OBRILLANT DAMUS, UNIVERSITÉ DE SHERBROOKE, UNIVERSITÉ LAVAL, UNIVERSITÉ D'ÉTAT
D'HAÏTI

Obrillant.Damus@Usherbrooke.ca, Obrillant.Damus.1@Ulaval.ca

Rezime : Nan fason yo panse ak nan fason yo aji, vodouizan yo montre vodou se yon relijyon ki pi toleran pase lòt relijyon ki pa janm sispann pèsekite l' yo. Nan yon monn kote okipasyon mono-ontolojik se youn nan bagay ki koz lèzòm separe tèt yo ak lanati, vodou kapab jwe yon wòl pi enpòtan nan rejenerasyon ak nan reparasyon moun ak anviwònman natirèl yo, sa vle di nan pwosesis rekoneksyon antwopo-ekolojik, si nou wè l' yon lòt fason. Vodou se yon sistèm relijye, medikal ak majik ki chita sou anpil valè tankou konsyans ekolojik ak konsyans mondyal, ontoloji relasyonèl, tolerans ontolojik ak tolerans epistemik. Kwayans, rit, mit, senbòl ak reprezantasyon kosmogonik vodou pèmèt relijyon sa a patisipe nan rejenerasyon ak nan reparasyon sante byodivèsite a ak sante planèt la.

Mo kle : vodou, relijyon, konsyans ekolojik, konsyans mondyal, rekoneksyon antwopo-ekolojik, sante planèt la.

LE RÔLE DU VODOU DANS L'APPLICATION DE LA PÉDAGOGIE RÉGÉNÉRATRICE ET RÉPARATRICE

Résumé : Par leur façon de penser et d'agir, les vodouisants montrent que le vodou est plus tolérant que les religions qui les persécutent sans cesse. Dans un monde où l'occupation mono-ontologique est l'un des facteurs explicatifs de la séparation de l'homme d'avec la nature, le vodou pourra jouer un rôle crucial dans la régénération et la réparation des humains et des milieux naturels, c'est-à-dire dans le processus de reconnexion anthropo-écologique, si nous l'abordons d'une autre manière. Le vodou est un système religieux, médical et magique ancré dans plusieurs valeurs telles que la conscience écologique, la conscience mondiale, l'ontologie relationnelle, la tolérance ontologique et épistémique. Les croyances, les rites, les mythes, les symboles et les représentations cosmogoniques du vodou permettent à cette religion de participer à la régénération et à la réparation de la santé de la biodiversité et de la planète.

Mots-clés : vodou, religions, conscience écologique, conscience mondiale, reconnexion anthropo-écologique, santé de la biodiversité et de la planète.

THE ROLE OF VODOU IN THE APPLICATION OF REGENERATIVE AND RESTORATIVE PEDAGOGY

Abstract : Through their way of thinking and acting, Vodouists show that Vodou is more tolerant than the religions which constantly persecute them. In a world in which the mono-ontological grounding of occupation is one of the explanatory factors of the separation of humans from nature, Vodou could play a crucial role in the regeneration and repair of humans and natural environments by effecting a process of anthropo-ecological reconnection, if we approach it differently. Vodou is a religious, medical and magical system anchored in several values such as ecological consciousness, global consciousness, relational ontology, ontological and epistemic tolerance. The beliefs, rites, myths, symbols and cosmogonic representations of Vodou allow this religion to participate in the regeneration and repair of the health of biodiversity and the planet.

Keywords: vodou, religions, ecological consciousness, global consciousness, anthropo-ecological reconnection, health of biodiversity and the planet.

EL PAPEL DEL VUDÚ EN LA APLICACIÓN DE LA PEDAGOGÍA REGENERATIVA Y REPARADORA

Resumen: Por su forma de pensar y actuar, los vudúistas demuestran que el vudú es más tolerante que las religiones que los persiguen constantemente. En un mundo en el que la ocupación monoontológica es uno de los factores que explican la separación del hombre de la naturaleza, el vudú podría desempeñar un papel crucial en la regeneración y reparación de los seres humanos y de los entornos naturales, es decir, en el proceso de reconexión antropoecológica, si lo enfocamos de otra manera. El vudú es un sistema religioso, médico y mágico arraigado en una serie de valores, como la conciencia ecológica, la conciencia global, la ontología relacional y la tolerancia ontológica y epistémica. Las creencias, ritos, mitos, símbolos y representaciones cosmogónicas del vudú permiten a esta religión participar en la regeneración y reparación de la sanidad de la biodiversidad y del planeta.

Palabras clave: vudú, religiones, conciencia ecológica, conciencia global, reconexión antropoecológica, sanidad de la biodiversidad y del planeta.

ENTWODIKSYON

Vodou se youn nan fenomèn konplike nèg ak nègès te kreye nan kontinan afriken an ak nan kèk koloni ewopeyen yo te mete yo nan esklavay sitou kote yo te anpil tankou Sendomeng (ansyen non Ayiti), Kiba ak Brezil. Se yon bagay ki konplike paske anmenmtan an tou li se relijyon, maji, penti, boza, medsin, mizik, filozofi (Michel, 1995; Mezilas, 2015), dans, elatriye, dapre kèk otè ki etidye youn oubyen plizyè nan dimansyon sa yo (Vonarx, 2012), oubyen ki jis raple nou yo tankou Michel Leiris¹ te fè l' nan prefas liv Alfred Métraux a (1958: 9). Pandansetan prèt katolik kolonyal² (Du Tertre, 1667; Labat, 1772), otorite politik kolonyal ak para-antwopològ yo (premye etnològ ewopeyen ki pa t' gen fòmasyon syantifik yo) te fèmen je sou vyolans lasyans (McClellan III, 2010) ak relijyon katolik t'ap fè nan koloni ewopeyen yo nan Amerik ak nan Anti yo³, yo pa t' janm sispann pale vodou mal nan fè l' pase pou yon bagay Satan kreye pou fè moun fè mal tankou bay kout poud, kokobe moun, fè moun tounen zonbi, touye moun, anpeche yo pwogrese, elatriye. Gen anpil otè nan syèk nou an ak nan ventyèm syèk la ki kite literati para-antwopolojik la enfliyanse yo nan pwen yo enterese sèlman ak

1. Men sa Michel Leiris ekri nan prefas liv sa a: « Sujet difficile qui relève de la sociologie, de la psychologie et de l'histoire des religions, outre qu'il se situe aux confins de l'africanisme et de l'américanisme. Mais sujet passionnant par sa complexité même car le vaudou est un étrange carrefour où se mêlent, dans un cadre antillais, non seulement les apports de l'Afrique noire traditionnelle et ceux du monde chrétien, mais religion, magie, médecine, théâtre, musique, danse et arts plastiques. »

2. Pè Jean-Baptiste Du Tertre (1667 : 502) panse se nan esklavay Afriken depòte yo ap jwenn bonè yo. Li panse tou se paske yo te pèdi favè Bondye ki fè lafwa yo gen nan li kounya ap koz yo sove : « Leur servitude est le principe de leur bonheur, et leur disgrâce est la cause de leur salut, puisque la foi qu'ils embrassent dans les îles les met en état de connaître Dieu, de l'aimer, de le servir. »

3. Gen kèk prèt katolik ewopeyen ki te gen kouray pou denonse vyolans lòt pè parèy yo te konn fè Afriken nan esklavay sibi. Men yon temwanyay Pè Antoine Biet bay (1664 : 322) sou sa : « La plupart de ces religieux ont plus de soin de leur bien temporel et de faire valoir leurs habitations que du salut des âmes qui leur sont commises. Les grandes possessions qu'ils ont les obligent à avoir un nombre d'esclaves et d'engagés. Ils les achètent comme les autres et les traitent avec autant et plus de rigueur. » Pè Jean Baptiste Labat (1772) ki te gon esklav domestik ak yon bitasyon esklav t'ap fè mache, ki te konn prete esklav domestik nan men prèt parèy li te di Biet te bay anpil manti nan liv li a : « [...] un certain M. Biet, qui s'est donné la peine d'écrire l'histoire de cette entreprise, qui commençait et finit en moins de vingt mois, sous le titre d'Histoire de la France équinoxiale, ...livre rempli de faussetés. »

aspè negatif vodou⁴ yo (Pluchon, 1987; Saint-Louis, 2000; Meudeuc, 2007; Poizat, 2008; Magloire, 2007) ki fè yo menm kwè se yon manifestasyon patolojik relijyon sa ye (Douyon, 1969; Dorsainvil, 1975).

Soti nan 19^e syèk ak nan 20^e syèk la pou rive nan 21^e syèk la, vodou pa janm sispann sibi pèsekisyon nan men relijyon potestan ak nan men relijyon katolik ki gen misyon pou yo « sove » desandan esklav afriken yo nan peyi Ayiti. Yo toujou ap fè vyolans sou vodouizan menmsi

4. Pwosesis dyabolizasyon vodou anpeche anpil ongan ak manbo ak anpil moun ki pa vodouizan wè pratik ki bon ladan. Anpil vodouizan kwè se dyab y'ap sèvi vre jan kretyen yo fè yo konprann sa (Damus, 2021b). Genyen ki kwè yo prale nan lanfè si yo pa konvèti. Plis moun ap di vodou se bagay dyab, se plis anpil vodouizan ap montre bagay negatif yo paske yo fè lajan ak sa tou. Epi tou, anpil moun kontakte bòkò pou fè lòt moun mal. Sou rezo sosyal kounya, se plis bagay negatif anpil fo ongan ap vann moun.

Pwosesis dyabolizasyon vodou a egziste depi epòk kolonyal. Pè katolik yo ak Jistis kolonyal la te pran premye vodouizan yo pou moun ki ap fè mal, pou moun ki pran pwèn kay dyab. Nan yon chapit nan liv li a li rele « Histoire de quelques nègres sorciers », Pè Labat pran pou malfektè, pou moun ki pran pwèn kay dyab, nèg ki gen don pou fè lapli tonbe, pou di ki jou bato ki te konn pote esklav yo ap debake. Yo te konn fòse divinò sa yo konfese, fòse yo bay wanga yo. Yo te konn kraze bagay sakre yo te genyen. Yo te konn bay lajistis yo ki te konn mete dife sou yo. Pè Laba di pawòl sa a :

Un nègre convaincu d'être sorcier et de faire parler une petite figure de terre fut condamné par la justice à être brûlé vif. M. Vanbel s'étant trouvé sur son chemin lorsqu'on le menait au supplice lui dit : « Eh bien (tel), tu ne feras plus parler ta petite figure, elle est rompue. » Le nègre lui répondit : « Si vous voulez, Monsieur, je ferai parler la canne que vous tenez à la main. » Cette proposition étonna tout le monde. M. Vanbel pria le juge qui était présent de surseoir pour un moment l'exécution, pour voir si le nègre viendrait à bout de ce qu'il promettait, et, cela ayant été accordé, il donna sa canne au nègre, qui l'ayant plantée en terre et fait quelques cérémonies autour, demanda à M. Vanbel ce qu'il voulait savoir; celui-ci ayant répondu qu'il voulait savoir si un vaisseau qu'il attendait était parti, quand il arriverait, ceux qui étaient dedans et ce qui leur était arrivé pendant le voyage. Le nègre commença ses cérémonies, après quoi s'étant retiré, il dit à M. Vanbel de s'approcher de sa canne et qu'il entendrait la réponse de ce qu'il voulait savoir. En effet, M. Vanbel s'étant approché entendit une petite voix claire et distincte qui lui dit : « Le vaisseau que tu attends est parti d'Elseigneur un tel jour, c'est un tel qui le commande, il a tels et tels passagers avec lui, tu seras content de sa cargaison, il a souffert un coup de vent en passant le Tropique qui lui a rompu son petit hunier et emporté sa voile d'artimon. Il mouillera ici avant trois jours. » Le nègre ne laissa pas d'être mené au supplice et exécuté, et trois jours après le vaisseau étant arrivé, on vérifia à la lettre toute la prédiction.

Se pa mo sòsyè pou kolon an te itilize men mo majisyen ak mo divinò. Fè yon baton pale devan grenn je moun gran lajounen se yon aksyon majik. Bay dat yon bato te pati ak dat li ap rive pa gen anyen pou l' wè ak mo sòsyè. Sòsyè se yon moun ki fè aksyon l' nannuit, majisyen se yon moun ki fè pa l' nan lajounen (Men maji ka fèt tout lè). Youn nan bagay ki fè kolon fransè te konn rele premye ongan ak manbo nou yo sòsyè, se paske se nannuit yo te konn adore lwa yo, fè maji, fè seremoni, fè ofrann, fè wanga, elatriye. Yo pa t' sòsyè pou sa. Plizyè rezon te fè yo travay nannuit pito :1) lajistis kolonyal la pa t' tolere vodou. Premye vodouizan yo te oblije travay nannuit pou chape anba kontwòl lajistis; 2) se nannuit esklav vodouizan ak sa ki te vin vodouizan yo te jwenn tan pou bay vodou a jarèt; 3) li pi fasil pou yo te refè vodou ansestral yo a nannuit paske nan lè sa a yo kwè lespri yo pi disponib pou tande kri yo. Premye vodouizan yo te soufri anpil anba men prèt katolik yo. Pè Labat pa t' wont ekri temwanyay sa a :

[...]. Je fis attacher le sorcier et lui fis distribuer environ trois cents coups de fouet qui l'écorchèrent depuis les épaules jusqu'aux genoux, il criait comme un désespéré et nos nègres criaient grâce pour lui, mais je leur disais que les sorciers ne sentaient pas de mal et que ses cris étaient pour se moquer de moi. Je fis apporter un siège, j'y mis le marmouset devant lui, et lui dis de prier le diable de le délivrer de mes mains, ou d'emporter la figure, et comme il ne faisait ni l'un ni l'autre, je le faisais toujours fouetter à bon compte. [...].

vyolans sa a pran lòt fòm nan tan modèn nan. Tout pèsekisyon fizik, sikolojik, sichik, ak senbolik sa yo (Price, 1898; Métraux, 1958) ankouraje moun ki ap ekri sou vodou kache aspè pozitif li yo. Zanzèt ayisyen yo pa t' (re)kreye vodou nan Sendomeng pou te rive detwi sistèm kolonyal fransè a sèlman, men tou, pou te rive rejenere tèt yo tankou moun kolon te konn trete tankou bèt, pou te rive kreye yon lòt monn sosyal ak fizik nan lanfè kolonyal la. Pwosesis (re)kreyasyon sa a te mande anpil estrateji kamouflay lakay esklav yo pou kolon yo pa t' rive detwi l'. Se menm estrateji sa yo⁵ tankou konfonn sen nan legliz katolik ak lwa (espri, mistè) ki fè legliz sa a⁶ ak otorite pòskolonyal yo pa t' rive fè vodou disparèt. Nan fason yo panse ak nan fason yo aji, vodouizan yo montre vodou se yon relijyon ki pi toleran pase relijyon ki pa janm faye nan pèsekite l' yo, ki pa janm sispann kwè li se yon menas pou yo. Nan yon monn kote okipasyon mono-ontolojik (Escobar, 2018) se youn nan bagay ki koz lèzòm separe tèt yo ak lanati, vodou kapab jwe yon wòl pi enpòtan nan rejenerasyon ak nan reparasyon moun ak anviwònman natirèl yo, sa vle di nan pwosesis rekoneksyon antwopo-ekolojik, si nou wè l' on lòt fason. Vodou se yon sistèm relijye, medikal ak majik⁷ ki chita sou anpil valè tankou konsyans ekolojik ak konsyans mondyal, ontoloji relasyonèl, tolerans⁸ ontolojik ak tolerans epistemik (Damus, 2024).

5. Pou n' bay yon egzanp, vodouizan yo pran Sen Jak Majè pou Ogou Batala ak pou Ogou Feray (Hurbon, 1993 : 75). Lè kanpay rejete a, estrateji sa yo te ede anpil vodouizan Mabyal yo kenbe kwayans yo. Yo te pran pòz abandone mistè yo pou yo te kenbe yo pi di ak pou yo te chape anba atak prèt katolik.

6. En 1935, l'Église catholique a forcé le gouvernement haïtien de l'époque à promulguer un décret qui condamne « les croyances superstitieuses ». Voici les principaux articles du décret-loi du 5 septembre 1935 sur les croyances superstitieuses : « Art.1- Sont considérées comme pratiques superstitieuses 1) les cérémonies, rites, danses et réunions au cours desquels se pratiquent, en offrande à des prétendues divinités, des sacrifices de bétail ou de volaille; 2) le fait d'exploiter le public en faisant accroire que, par des moyens occultes, il est possible d'arriver soit à changer la situation de fortune d'un individu, soit à le guérir d'un mal quelconque, par des procédés ignorés par la science médicale; 3) le fait d'avoir en sa demeure des objets cabalistiques servant à exploiter la crédulité ou la naïveté du public. Art. 2.- Tout individu convaincu des dites pratiques superstitieuses sera condamné à un emprisonnement de six mois et à une amende de quatre cents gourdes, le tout à prononcer par le tribunal de simple police. Art. 3.- Dans les cas ci-dessus prévus, le jugement rendu sera exécutoire, nonobstant appel ou pourvoi en cassation. Art. 4.- Les objets ayant servi à la perpétration de l'infraction prévue en l'article 3 seront confisqués. »

7. Anpil pratik majik nan vodou tankou mare on moun ak chenn, ak kadna, ak kòd, elatriye, gen rapò ak memwa esklavay. Kadna ak chenn kolon yo te konn itilize pou mare esklav yo, nou jwenn yo nan vodou. Ongan ak manbo itilize yo pou mare nèg pou fanm, pou mare moun sou plan senbolik ak majik. Vodou bezwen dekolonize paske vye pratik sa yo, se bagay premye vodouizan yo prete nan men kolon fransè yo.

Men pratik sa yo ki montre plas panse majik ak panse senbolik nan vodou pa move bagay vre. M' pa kwè yon moun ka mare moun vre ak chenn ak kadna si moun sa a pa menm kote ak li. Men moun ki pran yon moun epi mete l' nan chenn, ak sa ki fè l' sou plan senbolik ak sou plan majik, kilès ki fè l' mal? Premye a. M panse panse senbolik ak panse majik vodou a ede moun yo jere emosyon negatif yo. Moun ki itilize zam ak chenn pou fè on moun mal, se yon kriminèl. Moun ki ale mare ou kay ongan oubyen kay manbo, ki kwè li ap atenn ou, rive jere kolè l' pito. Sa anpeche l' fè krim. Nan sans sa a, mwen kapab di vodou se yon zouti regilasyon emosyonèl.

8. Tolerans vodou san parèy. Li twò toleran menm (tolerantis). Menmjan ak vodou ayisyen ki te kreye nan koloni Sendomeng nan te prete anpil kèk bagay nan men katolis kolonyal la, menmjan tou vodou Dawome (Benen) te prete zam espiyèl nan men kretyen katolik ewopeyen yo pou l' te ranfòse tèt li (Charlier, 2020).

Vodou desandan afriken yo tankou pa Ayisyen an ki enterese nou nan travay sa a, montre li pa menm bagay ak gwo relijyon⁹ tankou jidayis (Bohrmann, 1998), islam (Charnay, 1986; Brière, Carré, 2015) ak krisyanis (Colbert, 1685; Opoku, 1987; Vignaux, 2009; Flori, 2019, Fassassi, 2002; Boniface, 2021) paske li pa pouse sèvitè li yo fè lagè kont frè ak sè yo ak kont etranje ki gen lòt kwayans, ki ap pèsekite yo tout tan, soti nan epòk yo te mete zansèt nou yo nan esklavay rive jodi a. Men kesyon rechèch nou poze lè nou fin konstate wòl gwo relijyon ak wòl lasyans nan kolonizasyon ak nan destriksyon monn sa a : 1) malgre yo toujou montre li se relijyon moun sòt ak moun sovaj (nan sans negatif mo sa a), kijan vodou li menm patisipe nan dirabilite ekolojik, nan dirabilite planèt la ak nan dirabilite sosyal? 2) Lè nou konpare relijyon vodou anpil moun di se bagay dyab¹⁰ ak relijyon yo di ki pa fo yo, kilès ladan yo ki se yon bon zouti pou rejenere ak pou repare sante moun, sante ekosistèm yo ak sante planèt la? De kesyon sa yo fè nou poze ipotèz rechèch sa a : kwayans, rit, mit, senbòl ak reprezantasyon kosmogonik vodou pèmèt relijyon sa a patisipe nan rejenerasyon ak nan reparasyon sante byodivèsite ak sante planèt la.

METÒD

12 septanm 2021, mwen te dirije yon atelye dyalòg lokal sou kèk sijè tankou sante mantal, akouchman lakay, bay tete, sa moun yo konn abitye manje, disparisyon konesans ak objè teknik (teknosid), pwoteksyon lanati, elatriye, nan lokalite Palmari (Wasèk, Plato Santral). 17 moun ki gen konesans dantik (medsenfèy, matwòn, fanm chay gason, ongan, vantizè, elatriye.) te patisipe nan evènman sa a. Mwen te anrejistre tout diskisyon yo nèt. Soti 13 pou rive 14 septanm 2021, Panyak Kledò te mennen mwen kay kèk patisipan pou n' te kapab pale

9. Nan tèks sa a nou montre sa ki pozitif lakay vodouizan yo ak sa ki negatif lakay gwo relijyon yo. Men nou te ka pale sou bagay ki pa bon nou jwenn nan vodou tou si nou te vle fè sa. Vodou se yon « pharmakon » menmjan ak lòt relijyon yo. Sa vle di, se yon bagay on seri moun itilize l' pou yo fè mal; se yon bagay tou yon seri lòt moun pran pou yo fè byen ak li. Lè nou kritike yon relijyon tankou krisyanis, sa pa vle di nou pa rekonèt gen kretyen ki itilize l' pou yo fè byen. Nan epòk kolonyal ak aprè endepandans, se pa tout moun ki te itilize katolis (yon branch nan krisyanis) pou fè mal. Nan koloni Sendomeng te gen kèk prèt ki te anpeche yo itilize katolis tankou yon zouti pou kraze nèg ak nègès. Malerezman otorite kolonyal yo te mete prèt sa yo nan bato pou fè yo retounen nan peyi yo. Si nou montre sèlman bagay pozitif sou vodou, se paske anpil potestan ak katolik sanble pa t'ap bay pratik litijik yo sans si yo pa t' goumen kont litiji vodou. San yo pa rann yo kont, yo fè tèt yo tounen pèsekite, yo fè vodouizan yo trete tankou pèsekite tounen viktim yo.

10. Pou kolon ak pou moun ki vle sanble ak yo, pa gen anyen ki soti nan nèg ki bon. Nan avanpwopo liv li a, Louis Maximilien (1945, XXIV) raple nou si vodou se yon bagay yo mande nou jete depi epòk kolonyal rive jodya, se paske se esklav afriken ki te kreye l' : « Il entre dans le destin d'Haïti d'être une terre opprimée pour avoir été une terre de colonisation. Un système colonial grossier – à ce point de vue là – admettait que rien de bien ne pouvait sortir de l'esclave – et qu'il fallait dégrader le spirituel chez ce dernier après l'avoir dégradé lui-même dans sa chair. Malheureusement, cette conception influence encore de trop nombreux cerveaux. Elle est bien plus forte que les chaînes rompues par les guerres de l'indépendance. Que des penseurs authentiquement haïtiens viennent donc compléter l'œuvre des hommes d'armes; car rien ne peut outrer davantage que cette attitude du pseudo-intellectuel qui, par crainte, se détourne systématiquement du vodou, en croyant que le diable peut être incarné dans un petit cochon noir. »

ak kèk nan yo apa (Panyak se sekretè kazèk, li se pwofesè nan lekòl nasyonal Wasèk la). Se te yon ansyen ongan ki vin pastè, yon medsenfèy ak de manbo.

M'ap travay ak metòd atelye lokal depi 2016. Se UNESCO ki te mande mwen itilize l' pou mwen te keyi enfòmasyon nan bouch moun ki gen konesans ansyen aprè mwen te patisipe nan yon rankont nan mwa jiyè 2016 nan peyi Bolivi (Objektif rankont entènasyonal sa a se te evalye konesans endyen ki ap viv nan peyi sa a ak konesans lòt peyizan ki nan Amerik yo). UNESCO te pibliye nan lane 2017 premye travay mwen te ekri a gras ak done teknik ankèt sa a te ede mwen ranmase (Damus, UNESCO, 2017). Se yon metòd ki fè moun yo abitye rele moun sòt yo kwè nan tèt yo pou yo ka pale sou esperyans yo jan yo vle nan lang manman yo. Moun sa yo tankou fanm chay yo se boul lò yo ye pou mwen paske yo patisipe nan pwomosyon sante fanm ak timoun ak nan jesyon milye natirèl yo (Damus, 2021a).

Refleksyon mwen prezante nan atik sa a plonje rasin li nan dlo temwanyaj mwen te pran anba bouch moun nou rele fanm chay, ongan, medsenfèy ak manbo, ak anba bouch paran mwen depi mwen te kòmanse gen bon konprann rive jodi a. Mwen fèt andeyò. Se la mwen grandi. Mwen te gen chans wè anpil bagay nan milye mwen te leve a tankou fason peyizan jere sante yo, sante pitit yo ak sante lanati. Paran mwen te konn mennen mwen kay ongan. Yo te konn fè sa lè mwen tonbe malad ak lè yo bezwen fè mete bagay sou mwen pou anyen mal pa rive m'. Mwen te gen chans wè ongan ki ap fè tretman nan lanati. Mwen te konn gade seremoni vodou ki ap fèt nan bitasyon. Mwen te konn ale kay medsenfèy lè mwen tonbe sou bwa ak lè paran mwen kwè mwen gen maladi biskèt tonbe. Piske paran mwen yo pa t' potestan lè mwen te timoun, mwen te gen chans jwi kilti vodou.

PATISIPASYON VODOU NAN DIRABILITE EKOLOJIK, NAN DIRABILITE PLANÈT LA AK NAN DIRABILITE SOSYAL

Si vodou se yon relijyon ki patisipe nan dirabilite planèt la ak nan dirabilite sosyal, se paske li bay byodivèsite (plant, zannimo, moun, ak sa lasyans pa pran pou èt vivan tankou minewo yo. Men pou yon vodouizan yon pyè nwa se yon bagay ki gen pouvwa pou l' trete maladi ki pa natirèl) yon pakèt valè ki fè vodouizan tout bon an pa kapab separe l' ak lanati. Avan nou ale pi lwen nan refleksyon an, n'ap raple se nan rak bwa kote kolon fransè yo pa t' ka ale fasil, Afriken yo te mete nan esklavay yo te konn reyini pou yo te (re)kreye vodou a. Men se pa kontèks sosyal, politik ak ekonomik kolonyal la ki fè vodou ki t'ap fòme a te bay lòm (fanm ak gason) plas li nan lanati : Koneksyon antwopo-ekolojik sa a se yon eritay vodou Dawome a (Charlier, 2020; Coulais, Guillerot-Malick, 2024) ki te jwenn yon bon kontèks ekolojik (anpil forè, anpil mòn, anpil dlo ak anpil bèt) pou l' te boujonnen. Si dekoneksyon espiritityèl lèzòm modèn avèk lanati ak planèt la (Rabourdin, 2005; Ngbelu, Ememotedoy et Lukenge, 2015;) koz anpil destriksyon depi epòk antwoposèn (Dirzo *et al.*, 2014; Kolbert, 2015; Lewis & Maslin,

2015; Damus, 2024) rive jodi a, relijyon vodou ki pa deparye moun ak fenomèn sa yo, patisipe nan konsèvasyon yo. Nan bay moun plas yo merite nan lanati, vodou pèmèt yo gon konsyans ekolojik ki se angrè pou fè pouse yon konsyans mondyal (Damus, 2023a, 2024). Afriken ki te nan esklavay nan Sendomeng yo te montre yo gen de konsyans sa yo lè yo te asepte espri vodou yo te kapab rete nan pye bwa, nan sous dlo yo, nan letan yo, nan rivyè yo, nan tè a ak nan lè a menmsi se pa t' an Afrik.

Kwayans sa yo te fè yo gen respè pou bout tè Sendomeng nan menmsi se yon lanfè kolon fransè yo te fè l' ye pou yo. Se vodou ki te fè konsyans ekolojik ak konsyans mondyal esklav yo kale anba chalè twopikal la. Si vodouizan alèkile yo montre yo genyen menm konsyans sa yo nan peyi Ayiti ak lè yo ale nan lòt peyi menmsi se pa andeyò¹¹, se paske zanzèt yo te bay bon egzanp, te kite bon egzanp pou yo. Si anpil pye bwa sakre, dlo sakre ak lòt espas natirèl sakre pa t' disparèt nan peyi a, si yo te chape anba vyolans relijyon katolik ak anba vyolans relijyon potestan, se gras ak vodou. Gen pye bwa sakre tankou yon tamaren nan Tigwav ki la depi plizyè syèk, dapre temwanyay oral. Mwen panse gen anpil lòt pye bwa ki la depi epòk kolonyal la gras ak kwayans espiyèl esklav yo ki te deja atenn matirite yo lè ongan Boukman¹² te fè on seremoni vodou nan bwa ki rele Kayiman (Ardouin, 1853) nan dat 14 dawou 1791 pou l' te mande esklav yo kite Bondye kolon yo pou pran libète yo, paske Bondye sa a pa t' gen

11. Vodouizan ayisyen ki te ale viv aletranje, oubyen pitit Ayisyen lòt bò dlo ki vin vodouizan gen abitud ale fè seremoni vodou an Ayiti. Yo konn rantre pou ale mete plis konesans sou yo. Anpil ladan yo ale andeyò, ale fè pèlerinaj tankou nan kaskad Sodo (Saut d'Eau) yo. Dapre yon manbo kanadyèn m' te poze kesyon nan dat 10 avril 2024, vodou ki ap pratike nan peyi etranje yo gen limit li paske koneksyon espiyèl ak lanati nan peyi sa yo pa fasil akoz moun ki ap siveye forè (rak bwa) yo. Li kwè tou tè etranje a pa sakre tankou pa Ayiti a. Tè etranje twò frèt pou vodou. Men temwanyay li a :

Si nou rete dans le cadre iniatique, sitou pou on moun ki ap pran ason. Dènyeman, gen yon ongan ki kouri dèyè yon manbo pou sa : ou ka pa bay moun ason nan peyi etranje. Question de logistique, question de traditions, question de règlement tou. Genyen ki fè l' nan apatman. M' poze tèt mwen kesyon : kòman yon moun kapab boule zen, kapab mennen yon seremoni zen lakay li sitou nan yon apatman. Se sa. A moins que moun nan gon kay pou sa. Sa depan de lojistik la, sa depan de sa moun nan pral fè. Lye sakre yo se pa menm bagay avèk Ayiti. Pa bliye, Ayiti se yon tè mistik li ye. Ou konprann. Par contre, nou toujou an kontak avèk lanati. Kelkeswa peyi a, kit ou te Ayiti, Florid, Monreyal, Kanada, Etazini, du moment que gen pye bwa, etc., ou toujou antoure de kat eleman yo. Dezyèmman sa pral depan de ki pratik moun nan li menm l'ap fè. Pa bliye Kanada son peyi ki fè frèt. Sòl la son sòl ki frèt. Ayiti son sòl ki cho. Donk, gen yon seri de travo mistik, rityèl ki mieux en Haïti paske se pa menm terre la. Terre lan li menm li cho. Gon bagay ki rele egregò tou, egregò mistik lan, egregò vodou a plis chita en Haïti que Canada tou. Nou pa gen menm lojistik legal konpare ak Ayiti pou fè on seri de bagay amwens ke ou kache byen pou fè l' : ou ale vrèman nan yon raje, oswa nan yon forè, yon kote ou konnen pa gen moun ki pral pase, ou fè on seri de bagay. M' pa konnen pou Etazini, Kanada son peyi ki sou kontwòl. Tout tan ou ap jwenn des forestiers, verifye, analize dlo, analize forè yo, analize tè yo. Donk gen bagay ou pa ka fè. Menmsi on moun fon rityèl, yon maji, peu importe, bò dlo, se pa menm dlo avèk Ayiti, paske nou menm isi nou pa gen lamè. Se pa menm tip do, se pa menm type de mer. Se pa menm bagay men se dlo li ye kanmenm. Son rivyè li ye kanmenm. Sa depan de tip de rityèl ke moun nan ap fè.

12. Hérard Dumesle te pibliye nan lane 1824 priyè sa a Boukman te sanble fè : « Bondié qui fait soleil, qui clairé nous en haut, Qui soulévé la mer, qui fait grondé l'orage, Bon dié la, zot tandé? caché dans youn nuage, Et la li gadé nous, li vouai tout ça blancs faits! Bon dié blancs mandé crime, et part nous vlé bienfêts mais dié lá qui si bon, ordonnin nous vengeance; Li va conduit bras nous, la ba nous assistance, Jetté portrait dié blancs qui soif dlo dans gié nous, Couté la liberté li palé cœurs nous tous. »

pitye pou yo, li te kite kolon yo ap touye yo, ap fè yo soufri. Se pa paske yo te nan yon lanfè kolonyal ki fè premye vodouizan yo te kreye badji oubyen premye onfò yo nan rak bwa pou fè seremoni ak lòt bagay men paske « tanp natirèl » (Zahan, 1980) sa yo ki egziste an Afrik tou, se sèl kote esklav yo te ka ale pou yo te kreye on lòt monn, pou tizon dife lespwa kolon pa t' rive etenn nan te kapab limen.

Se kosmogoni vodou a ki fè premye Afriken yo te mete nan esklavay yo te rive kreye yon bann pratik ak kwayans pou yo te kapab sakralize non sèlman lavi pa yo men tou lavi sa ki pa moun tankou bèt, plant, tè a ak kosmòs la. Mwen panse t'ap gen plis suisid (touye tèt), plis enfantisid (touye yon timoun aprè li fin fèt) ak plis avòtman (pran remèd fèy oubyen on lòt bagay pou jete on timoun) si esklav yo pa t' fè tèt yo travay pou fè vodou nan Sendomeng, paske relijyon sa a se siman koneksyon espirityèl vodouizan ak fòs sakre, ak sa ki vizib ak sa ki envizib tankou lwa yo ak Bondye nan syèl la yo kwè ki fè tout bagay. Depi nan Sendomeng rive nan Ayiti jodi a, tout sa vodouizan yo sakralize se bagay yo pwoteje paske yo kwè gen yon lespri ki rete ladan. Yon vodouizan ki fè yon enpridans kwè lespri a ap pini l'. Men yon egzanp: Lè m te timoun, te gon nouvèl ki te rive nan kominote mwen an. Te gon koulèv ki te antre nan bòbòt yon dam ki t'ap viv nan mòn apre li te koupe yon branch nan pye bwa ki te gen yon lwa (m' pa konnen si se te Danbala oubyen on lòt lwa). Yo mande lwa a fè li gras. Yo di y'ap fè on bèl kay pou li. Lwa pa t' tande fanmi fanm nan. Dam nan te mouri.

Mwen pral bay on lòt egzanp ki montre peyizan kwè depi li vann yon tè ki gon pye bwa ki se kay lwa, sa ap fè lespri a touye l', sitou si moun ki achte tè sa a koupe pye bwa a. Nan lane 2020, m' te gen chans pase on ti tan ak paran mwen yo ki ap viv andeyò. Papa m' di mwen yon kouzen l' ki te rele Djo mouri paske li te vann yon tè bay yon potestan ki te koupe yon pye bwa sou tè sa a ki te gon lwa masa (marasa) ladan. Djo te vin malad. Li mouri. Papa m' di mwen, si misye te vann li tè a, li pa t'ap mouri paske li se pitit lwa tou. Yon tè ki gen lwa sou li, ou pa ka vann li ak etranje. Ann bay yon dènye egzanp : Lè papa papa m' te mouri se yon bwa ki te gen lwa li t'ap koupe ki te frape l' nan tèt. Menmsi se ta yon senp malè, lanmò li a fè pitit li yo pè koupe lòt pyebwa ki gen lwa ladan yo pou yo pa mouri menmjan ak li¹³.

Vodouizan yo pa wè yo kapab separe tèt yo ak lwa yo. Legliz katolik, legliz potestan ak kèk gouvènman ki ap sèvi enterè nouvo kolon yo nan peyi a te fè tout sa yo kapab pou kase manm vodou nan detwi bagay sakre li yo, kwayans li yo, rit li yo, mit li yo, senbòl li yo ak valè li yo tankou ontoloji relasyonèl ak konsyans ekolojik. Men sa Pè Carl-Edward Peters te ekri nan lane 1960 : « Il faut vraiment détruire tout : briser bouteilles, cruches, déchirer les images, arracher et brûler poteaux et croix, emporter les pierres, enlever les colliers, écraser les cayes-loas, couper les bois servis, profaner tout ce qui est « servi » superstitieusement. »

13. Istwa sa a se papa m' ak lòt moun ki te rakonte m' li lè m' te timoun. Kou li leve chak premye janvyè, papa m' te konn limen bouji pou mò a. Avan jou sa a rive, li te konn retire raje ki te pouse bò kav papa l' te antere. Mwen sonje li te di m' yon jou: « Lè moun mouri, yon lè li tounen lwa. »

Sou diktatè Elie Lescot, Legliz katolik te mande fidèl li yo ak vodouizan li te fòse konvèti yo, pou yo fè yon sèman pou di yo p'ap melanje ak bagay vodou tankou sèvi lwa ak bay lwa manje :

Moi, devant Dieu présent dans le tabernacle, devant le Père qui le représente, je renouvelle les promesses de mon baptême. La main sur l'Évangile, je fais serment de ne jamais donner un manger-loa quelconque, de ne pas assister à une cérémonie vaudou quelconque, de ne jamais participer à un service-loa de quelque manière que ce soit.

Je fais serment de faire détruire ou de détruire le plus vite possible tous les fétiches et objets de superstition, s'il y en a sur moi, dans ma maison, dans mon habitation. En un mot, je fais serment de ne jamais m'abaisser à quelque pratique superstitieuse que ce soit

(Pour les personnes mariées.). Je promets en outre d'élever tous mes enfants, sans exception, dans la religion catholique et romaine, hors de toute superstition, me soumettant pleinement à l'enseignement de cette Sainte Église.

Et je promets, avec la grâce de Dieu, de rester fidèle à mon serment jusqu'à la mort (cité par Métraux, 1958 : 302-303).

Sèman sa a ki fè nou wè entolerans ontolojik ak entolerans espitemik Legliz katolik pa t' rive fè tout vodouizan kite vodou pou relijyon katolik. Anpil nan yo te pran pòz bon katolik pandan setan yo te rete vodouizan. Men yon temwanyay etnòlòg Alfred Métraux (1958: 309) ki montre konvèsyon palafòs kèk vodouizan pa t' fè yo pase relijyon sanzèt yo anba pla pye yo vre, pa t' fè yo koupe pon ak lwa yo :

Tout d'abord la sincérité des « rejetés » était mise en doute par les convertis. Une femme qui se disait bonne catholique et allait régulièrement à la messe m'avoua n'avoir pas déserté ses dieux. Elle ne comprenait pas pourquoi les curés en voulaient aux loa « qui sont de bons esprits et nous défendent contre le diable ». (Toujours, selon cette femme, ses loa n'avaient jamais fait de mal : ils veillaient sur elle et elle savait bien que c'est à eux et non au curé qu'elle devrait s'adresser le jour où elle tomberait malade.) Elle avait remarqué que ses affaires s'étaient mises à péricliter après son abjuration et que sa situation ne s'était à nouveau améliorée qu'à la suite d'un grand service aux loa.

Menmjan sou Wa Dawome vodouizan yo te konn prete nan men relijyon katolik kèk zam espiritèl tankou kwa Jezi a (krisifiks), chaplè, losti pou te ranfòse pisans yo (Charlier 2020), menmjan tou anpil vodouizan ayisyen ale legliz katolik pou yo ogmante konsepsyon espiritèl yo. Depi Lafrik rive nan koloni Sendomeng pou jouk jounen jodi a, vodou pa janm sispann montre tolerans ontolojik li ak tolerans epistemik li. Se entolerans ontolojik ak entolerans epistemik yo ki fè relijyon ansyen kolon yo tankou katolis panse relijyon Afriken te konn pratike

avan kolonizasyon se relijyon dyab ki dwe disparèt. Men kijan Damus defini konsèp tolerans ontolojiko-epistemik ak lanvè li nan plizyè travay (Damus, 2021b, 2024) :

La tolérance ontologique et épistémique renvoie au respect des manières d'être et de connaître, de la vision du monde, du langage et des connaissances des acteurs dans les différents mondes. Le respect des normes d'existence et de coexistence des acteurs du Sud global et du Nord global et la liberté de ces derniers d'imaginer des mondes possibles (liberté de mondification; logique multimondiste) pour contenir l'ontologie unimondiste (Escobar, 2018) imposée par l'Occident ou pour résister contre « l'occupation mono-ontologique de la planète » relèvent aussi de cette forme de tolérance.

Nous entendons ici par intolérance ontologique et épistémique le fait de manifester une attitude irrespectueuse, méprisante et parfois violente envers les visions du monde et les savoirs des autres. Cette intolérance peut se manifester sous forme d'exclusion sociale, de destruction de savoirs locaux et autochtones, de modes de pensée et d'action, de destruction identitaire, culturelle, physique, psychologique, etc. Les différentes campagnes anti-superstitieuses orchestrées par l'Église catholique et l'État, dont le vodou a fait l'objet à l'époque coloniale française (à partir du XVIII^e siècle) et après l'indépendance d'Haïti notamment en 1865¹⁴, en 1890, en 1935 et en 1940 (campagne des *rejetés*), sont des exemples d'intolérance ontologique et épistémique.

Nan peyi Ayiti vodou patisipe nan konsèvasyon anviwònman yo paske tout bagay sakre tankou chit dlo, kèk pye bwa, letan, gwòt, elatriye, kote ki gon lwa, kote yo panse ki genyen l', se bagay vodouizan yo pwoteje. Li patisipe tou nan rejenerasyon ak nan reparasyon ekosistèm yo. Se sèl kwayans vodouizan yo ki ap ede nou konprann poukisa yo plante kòd lonbrik on

14. Ekriven ayisyen Hannibal Price (1843-1893) bay on temwanyay sou epòk li a : « De 1865 à 1867, je suis entré dans quatre hounforts de la plaine : à cette époque le Gouvernement du président Geffrard continuait encore sa campagne contre les danseurs du vaudou, faisant saisir et brûler les drapeaux, les tambours, tout le matériel des sociétés, faisant arrêter et emprisonner comme cannibale, comme anthropophage, tout individu réputé à tort ou à raison, papa-loi ou maman-loi. Les rares hounforts qui pouvaient échapper à l'active surveillance de la police devaient être des lieux sacro-saints où le fétichisme proscrit serait conservé dans toute sa pureté primitive » (1898, 2012 : 142). Dans cette citation, les mots papa-loi et maman-loi signifient respectivement *houngan* et *mambo*. Influencé par les théories raciales ancrées sur des dichotomies délétères (civilisé/incivilisé, colon/indigène...) et par sa vision angélique du catholicisme postcolonial, Price avait cru que le vodou, qui empêchait les Haïtiens d'accéder à la « civilisation » au singulier, était en voie de disparition (Damus, 2021b).

timoun ki fèk fèt¹⁵ avèk yon pye bwa ki bay fri (Damus, 2017, 2020), poukisa yo plante kèk plant pou fè remèd tankou lalwa (aloe vera), poukisa yo plante kèk pye bwa tou pre kay tankou sèd, poukisa timoun marasa malere ak malerèz yo pa mouri menmlè anpil ladan yo te fèt tou lejè ak avan lè yo. Daprè enfòmasyon nou te kolekte nan lane 2012, 2023 ak nan lane 2024 sou marasa anba bouch fanm chay ki te akouche timoun sa yo (8 fanm chay te patisipe nan yon fòkis gwoup sou eskperyans yo), ak anba bouch vodouizan (yon ongan ki gen jimo ak youn ki pa genyen) ak anba bouch kretyen (yon pastè potestan ak yon fanm katolik) ki te fè jimo, se espirityalite vodou ki fè timoun sa yo konnen yo se marasa, ki fè yo asepte tèt yo konsa, ki fè paran vodouizan yo pa separe yo avèk lanati, ak lwa fanmi yo sitou lwa marasa. Legliz katolik ak bagay sèman rejte a (serment dit de rejeté) te patisipe nan destriksyon anpil kwayans, rit, senbòl ak kosmovizyon vodouizan yo te devlope pou jere relasyon yo ak timoun jimo ki vivan oubyen ki te mouri yo, pou jere relasyon yo avèk lanati ak fòs envizib tankou lwa masa (marasa¹⁶). Paran kretyen ki gen marasa yo di yo pa t' fè marasa. Yo leve marasa pa yo tankou de timoun ki pa t' fèt menm jou. Yo meprize tout konesans granmoun lontan (zansèt yo) ki te ka ede yo pran swen timoun sa yo pi byen.

Se pa sèlman bagay li rann sakre yo vodou a pèmèt moun pwoteje men tou zannimo yo ki konn itilize pou fè sakrifis, pou fè maji. Mwen ka site kèk ladan yo : kabrit, mouton, bèf, poul, kòk, pentad, kochon, pijon¹⁷, chat nwa... Yo pa leve bèt sa yo sèlman pou moun touye manje, pou moun vann vyann yo nan mache (vyann bèf, vyann kochon, vyann kabrit, vyann mouton...)

15. Powèt Junior Fils René raple nou sa nan vè sa yo (2016 : 110) :

Pa pèdi tan w mouche Leta

Kenbe batistè w

Kenbe papye tenbre w

Kou nou fèt

Kou yo fin andoye n

Yo plante kòd lonbrik nou nan tè

Byen fon nan zantray latè

Batèm legliz se radòt

Nan peyi pa nou

Chak pyebwa se yon kretyen vivan

Lavi makònen ak latè

16. Daprè vodou beninwa a, timoun marasa se pitit yon lespri ki rele Chango (Shango, nan lang Yoriba). Beninwa vodouizan yo mete timoun marasa pa yo anba pwoteksyon Dye sa a.

17. Lè otè a te timoun kay paran l', li te konn gade pijon lakay li. Fanm ak gason te konn achte yon pè pijon blan nan men l' pou yo ale fè maji. Li te konn vann pè a 25 goud. Se te on gwo kòb nan epòk la. Si li te mande plis lajan, achte yo te ka asepte peye l' paske nan vodou fòk ou respekte prensip achte san fè pri a.

men tou pou fè ofrann (yo itilize vyann yo ak sa yo bay tankou lèt ak ze). Konsa, mwen kapab di vodou a patisipe nan pwoteksyon zannimo tout kalite. Li mete lajan tou nan pòch moun ki vodouizan ak sa ki pa vodouizan lè yo achte bèt nan men yo pou fè sakrifis oubyen pou fè maji. Li fè sante vodouizan yo pi bon paske lè yo touye on gwo bèf pou bay lwa manje, se pa sèlman moun ki gen lwa ki manje nan vyann nan, men se tout moun ki patisipe nan seremoni an. Se yon okazyon pou yo mete pwoteyin nan kò yo nan manje ak lwa yo paske yo pa gen abitud manje vyann souvan tankou moun ki gen mwayen ki ap viv nan gwo peyi endistriyalize yo.

Piske vodouizan yo itilize pwodui kreyòl tankou patat, manyòk, yanm, bannann, diri peyi, poul peyi, mayi moulen, farin mayi, elatriye, nan seremoni, pou yo fè ranvwa ak pou yo resevwa lespri, moun sa yo tou bay yon gwo kout men nan konsèvasyon agrikilti sib sistans ki mache ak gade bèt (elevay). Si vodouizan yo patisipe nan rejenerasyon ak nan reparasyon sante moun, sante anviwònman yo ak sante planèt la, se paske yo pa koupe pye bwa¹⁸ ki gen lwa ki nan jaden yo, se paske yo kite anpil lòt bwa ki pa gen lwa ladan yo tou, se paske yo pa itilize pestisid nan jaden yo, se paske yo konprann agrikilti ak elevaj pa dwe separe youn ak lòt, se paske tou yo plante manje peyi a sitou sa zanzèt nou yo te konn itilize (manyòk, yanm, patat...) pou yo pa t' mouri anba malnitrisyon nan plantasyon kolonyal yo ak lè yo te konn ale kache nan bwa¹⁹.

Tablo 1 : manje peyi yo itilize pou resevwa lespri

Pwodui lokal yo itilize yo	Espri yo envite yo
Yanm ginen	Lwa Ginen
Fig kout	Legba
Tawo bèf	Nenpòt espri
Diri, pwa wouj	Tipyè
Manyòk, kasav sale	Nenpòt espri
Piman	Gede

18. Lè mwen te timoun, m' te di yon peyizan ki te vin ede papa m' : « Poukisa ou pa koupe pye mango sa a? » Men sa li te reponn mwen : « Ale koupe l ou menm! Pye mango a gen lwa ladan l'. » M te di l' sa pou m' jwe ak li paske m' te santi son pye bwa ki gon lwa ladan. Nan lane 2020, m' jwenn pye mango miskèt la menm kote a. Nan peyi Benen, se vodou ki anpeche moun yo detui mangwòv (kay pwason yo) yo paske yo kwè fetich yo mete ladan yo ap anpeche yo dòmi, p'ap kite yo an repo dapre temwanyay yon vodouizan ki rele Kassavi Codjo Vincent : « Si tu es parti couper la mangrove, c'est terminé pour toi. Le fétiche va dormir dans ta chambre, tu seras envoûté et ne trouveras plus le repos » (Coulais, Guillerot-Malick, 2024).

19. Pè Labat (1722) di Afriken (nèg bosal ak nèg kreyòl) kolon fransè te mete nan esklavay nan zile yo te konn manje yanm nan bwa ak nan mòn kote yo te konn ale nan mawon. Men sa li ekri : « Il est de ces nègres marons qui demeurent des années entières dans les bois et dans les montagnes qui sont au milieu de l'île, [...], ils trouvent abondamment de quoi vivre, parce qu'ils ne manquent pas dans les bois d'ignames [...]. »

Mayi griye	Nenpòt espri
Mayi (tchaka + siwo kann)	Nenpòt espri
Manyòk (kasav san sèl)	Mò yo
Pistach, patat, manyòk (bòy manyòk)	Nenpòt espri
Mayi (tchaka + pwa wouj)	Espri dantik
Bannann miske (ou antijan boule l')	Nenpòt espri


Done sa yo soti nan yon rapò ki poko pibliye (mwen te bay INESKO) sou konesans mwen te kolekte anba bouch peyizan (ongan, matwòn, manbo, metsenfèy...) pandan yon atelye dyalòg lokal nan Janrabèl nan lane 2016.

Tablo 2 : kay lwa yo, manje lwa yo, pouvwa yo, senbòl yo, elatriye

Noms	Arbres de prédilection	Offrandes	Symboles	Attributions	Caractères	Habitation	Doublers catholiques	Domaines	Jours consacrés
Legba	Calebassier, ci-rouellier, médecinier	Cassave, riz, banane verte boucanée, coq bigarré	Un vieillard infirme et mal vêtu	Protecteur des foyers	Interprète des lwa; gardien des barrières, des carrefours et des routes	Barrières et carrefours; médecinier.	St. Pierre (Clé) ou Saint-Antoine (objets perdus).	Terre	Vendredi, samedi.
Zaka	Cerisier, bananier	Mais, pain, « rapadou », eau de vie.	Mabouya (petit saurien)	Récolte	Lwa paysan et cultivateur chargé de l'agriculture.	Champs	St. Isidore	Terre	Vendredi, samedi.
Gédé	Médecinier, calebassier	Bouc noir, coq noir	Cadavre, croix noire. Instruments aratoires	Maléfice à faire ou à repousser	Lwa de la mort	Cimetières et lieux souterrains	St. Expédit	Terre	Lundi, vendredi
Baron Samdi	Médecinier, citronnier	Harengs salés, chèvres noires, poules noires	Haut de forme, habits noirs.	?	Chef des Gédé (lwa de la mort)	Croix à l'entrée des cimetières	?	Terre	Samedi
Dambala	Tout arbre particulièrement le coton, la soie; également le calebassier, le palmiste, le tamarinier.	Ce qui est blanc : poules, riz, lait, œufs.	Couleuvre arc-en-ciel	Richesse, fortune, bonheur.	Principe du bien, 1 ^{ère} place.	Sources et rivières.	St. Patrice représenté chassant les serpents d'Irlande	Eaux	Jeudi

Aida Wedo	Tout arbre particulièrement le coton, la soie; également le calebassier, le palmiste, le tamarinier.	Ce qui est blanc : poules, riz, lait, œufs.	Couleuvre ar-en-ciel	Richesse, fortune, bonheur.	Épouse de Dambala	Sources et rivières.	Notre Dame de l'Immaculée Conception	Eaux	Lundi, mardi.
Èzili	Cirouellier, Laurier	Objets de toilette, mets recherchés et raffinés, riz, poulets.	Cœur, miroir.	Amour	Mulâtresse, coquette, sensuelle; beauté et grâce, luxe et plaisirs; prostituée	Bords des rivières.	La Vierge Marie.	Eaux.	Mardi, jeudi.
Ogu Feray	Calebassier, pin.	Coq rouge, Taureau.	Un sabre planté en terre.	Lutte contre la misère.	Guerrier et soldat.	Calebassier (arbre), bambou.	St. Jacques le Majeur	Feu	Vendredi, samedi, lundi.
Agwe	Raisinier	Moutons blancs, poules, boisson recherchée : champagne.	Barques, avirons.	Protection de la navigation et du commerce maritime, pêche.	Mulâtre, teint clair, yeux verts comme la mer, officier de marine.	Mer	St. Ulrich	Eaux	Jeudi.
Simbi	Manguier et calebassier, bois d'orme.	Animaux noirs ou gris : cochons, boucs, pintades, dindons, poules.	Bassin	Don de clairvoyance.	Gardien des sources et des mares.	Sources, grottes, montagnes.	Les Rois mages	Eaux	

Sous : Enfòmasyon ki nan tablo sa a soti nan yon liv Laënnec Hurbon ki rele « Les mystères du vaudou » (1993 : 140-143).



Chit dlo sa a rele Tou Kayiman. Si se pa t' vodou, li te ka pa egziste ankò. Piske li sakre, moun yo pwoteje l'. Ou leve jwenn li la, ou ap mouri kite li la.

VODOU : YON ZOUTI POU REJENERE AK POU REPAIRE SANTE MOUN, SANTE EKOSISTÈM YO AK SANTE PLANÈT LA

Piske nou pa obsève nan vodou a dekoneksyon espiyèl pratikan yo ak tèt yo, ak lanati, ak linivè a, piske tou pratikan sa yo pa janm fè lagè ak moun ki pa gen menm kwayans ak yo, nou kapab di relijyon sa a se yon zouti nou dwe itilize pou n' repare sante moun, sante ekosistèm yo ak sante planèt la. Soti nan koloni Sendomeng pou rive jodi a, kreyen katolik ak kreyen potestan pa janm sispann fè lagè kont vodou a. Yo sal imaj li lè yo fè l' pase pou yon relijyon ki ap fè mal sèlman. Men yo menm yo sanble pa kapab gade tèt yo nan glas pou wè kijan labou entolerans sal istwa pa yo. Francis Danvers (2019: 1721), yon Fransè ki te manke vin yon prèt katolik, rezime istwa krisyanis lan konsa:

L'histoire du christianisme n'est pas une histoire sainte, si l'on se réfère aux huit croisades en deux siècles (1096-1291), à l'Inquisition au cœur de la Curie romaine (devenue le Saint-Office puis la Congrégation pour la doctrine de la foi), aux 100 000 femmes brûlées comme « sorcières » par décision de justice, au Moyen-Âge, aux crimes commis au nom de Dieu, aux excommunications, etc.

Istwa sal sa a pa janm fini paske relijyon katolik ak relijyon potestan ki se de gwo branch nan pye bwa krisyanis lan pa janm bouke pèsekite vodouizan yo di ki ap sèvi Dyab. Fòk mwen di pafwa Pannkotis ak moun Legliz lame selès yo konn antre kay ongan ak manbo pou kraze brize bagay sakre yo. Yo konn antre nan tou wòch ak nan gwòt pou detui bagay sakre yo jwenn ladan. Lè kanpay rejete a nan lane 1940, yon kanpay ki poko janm disparèt vre (li jis fèt ak mwens vyolans fizik), anpil byen sakre vodouizan te pase anba « traktè » Legliz katolik. Menm yon ekriven ki gen nen nan figi l' tankou Jacques Stephen Alexis (1941) te apiye zak vyolans katolik te fè kont vodouizan lè l' te ekri sa :

C'est dimanche. Sur cette campagne repliée sur elle-même, dans la solitude de son rêve, semble flotter une idée-force, l'idée de la purification, l'idée de rompre pour toujours avec les dieux et les fétiches mauvais, qui au long d'un triste siècle ont exploité, appauvri, avili les habitants de cette campagne, candides jusque-là dans leurs abjections. Oui, grâces soient rendues aux intrépides Prêtres catholiques, apôtres de ce beau mouvement anti-vodou qui a allumé dans le cœur de nos paysans la flamme du renoncement.

Qui n'a pas vu nos paysans féticheurs, se ruer aux pieds des autels pour rejeter les loas vodou, dans la contrition, la rancune et les larmes. Qui n'a pas vu ce peuple, jeter dans les boucans allègres, les amulettes, les gris-gris, les fétiches puérils qui ont régné sur leurs âmes et auxquels ils tenaient comme à la prune de leurs yeux.

Nan yon memwa metriz ki rele « Vodou et évangélisation », Sè katolik Mésa Paulémon (2011 : 49-50), ki kwè vodou se yon bagay kole pyese yon bon metòd evanjelizasyon ka fè disparèt, esplike echèk misyon²⁰ kont sipèstisyon nan lane 1940 lan :

La mission antisuperstitieuse amène à questionner la structure religieuse, sociale, économique de la société haïtienne. L'erreur du clergé d'alors, c'est d'avoir posé le problème d'une façon isolée, sans chercher à le situer dans le problème global du pays, et ensuite de n'avoir pas bien posé toutes les exigences de l'évangélisation. Car une bonne évangélisation a comme base une maîtrise de la langue des gens qu'on veut évangéliser, la compréhension des coutumes, l'utilisation de la culture, la constitution d'un clergé local, la formation des catéchistes et des laïcs engagés qui peuvent assurer la permanence chrétienne. Est-ce que les autorités sur place avaient pris le temps de penser à toutes ces exigences avant de commencer leurs campagnes? La survivance du vodou encore aujourd'hui et ses fonctions à différents niveaux dans le peuple prouvent le contraire.

Siklòn katolik nan epòk la te touche anviwònman an tou paske yo te detui anpil pye bwa sakre vodouizan yo te konn pwoteje nan zòn Mabyal (Métraux, 1958) pou nou bay yon egzanp. Siklòn sa a pa t' sèlman kraze bagay senbolik tankou kwa nan senmityè ki reprezante lwa Bawon Samdi. Daprè Métraux, lè kwa sa yo t'ap boule, gen fanm ki te gen lwa bawon samdi, bawon lakwa ak lwa gede ki te danse nan tèt yo pou yo te anonse pral gen yon gwo boukan dife ki limen nan Vale Mabyal (Métraux, 1958:308-309) : « Croyez-vous nous chasser ainsi? Ce

20. Men sa li ekri sou misyon an (2011: 48) : « Le clergé d'Haïti ou des groupes de fidèles, à maintes reprises, se sont livrés à des campagnes plus ou moins retentissantes contre le vodou. Dans les années 1940, le pays en entier était fort préoccupé par la campagne des « rejte » (rejetés). Cette campagne dans la vision du clergé combattait le mélange de deux religions. Tous les documents épiscopaux de l'époque redisent à profusion l'intention d'en finir avec cette pratique à savoir que des fidèles se donnant pour chrétiens prétendaient servir deux maîtres à la fois, Dieu et Satan. Satan n'était autre que le loa auquel l'individu s'intéressait, quel que fut son nom.

En 1941, le clergé qui dans sa majorité est français, s'employa à extirper la « superstition » par la force. Un grand nombre de sanctuaires vodous furent dépouillés de leurs objets rituels qui furent brûlés. Ces mesures brutales n'eurent naturellement d'autre résultat que de multiplier les miracles et d'affermir la foi des vodouisants. L'Église dut abandonner la lutte. »

Jan ou li sa nan dezyèm paragaf sitasyon an, pifò moun ki te nan klèje katolik la se te Fransè. Ameriken yo menm ap detui vodou a depi 1915. Se te youn nan objektif kolonizasyon an (kolonizasyon kiltirèl). Jounen jodi a, legliz potestan pouse tankou dyondyon nan peyi a. Yo toujou jwenn lajan kay zòt pou fè legliz nan tout kwen peyi a. Misyon legliz sa yo se dyabolize vodou. Sou kolonizasyon an, sèjan ameriken Faustin Wirkus (1932) ki te pwoklame tèt li Wa nan Lagonav te touye anpil vodouizan. Misye te yon katolik ki te konn touye Kako yo pou de rezon : 1) peyizan sa yo leve kont prezans kolon militè ameriken yo nan peyi a, 2) Anpil nan Kako yo te vodouizan. Men sa Wirkus ekri : « [...] Le Caco tomba mort, mais sa mort n'enleva pas la confiance aux camarades qui se battaient avec lui. Nous laissâmes son corps sur les marches du poste de police durant toute la journée du lendemain pour bien démontrer aux Cacos que, malgré leur talisman rouge, ils n'étaient pas à l'abri du coup de fusil. » (pp. 33-34). Men sa li ekri ankò: « Étions-nous là pour les châtier au nom d'un dieu irrité de leur crime, ou bien, au contraire, au nom d'un dieu ami, pour les protéger contre une nouvelle tyrannie ? ... C'était à savoir. [...] Malgré toutes les lois et toutes les règles religieuses établies, le christianisme-vodou demeure invariablement la religion du paysan haïtien. » (pp. 30-32). Pawòl sa yo montre youn nan objektif kolonizasyon an se te detui vodou a.

n'est que du bois que vous brûlez. Nous, vous ne nous brûlez pas. Aujourd'hui, vous jetez ces croix au feu, mais bientôt vous verrez quel bûcher va flamber dans cette vallée. » Jan Iwa yo te di sa, te gon gwo sechrès ki te frape Vale Mabyal pandan plizyè ane. Métraux (1958 : 309) site yon enfòmasyon : « Les loa ont dit vrai, mais c'est un bien grand boucan qu'ils ont allumé à Marbial. Le soleil est tellement brûlant que nos jardins ne produisent même plus du petit mil. Le soleil brûle nos récoltes et la pluie ne tombe plus. La sécheresse est en train de nous exterminer. »

Mwen panse se pa t' lwa yo ki koz lapli pa t' tonbe pandan plizyè ane nan Vale Mabyal, men pil pye bwa ki te gen lwa ladan yo a siklòn katolik la te fè disparèt. Se yon bon sipozisyon mwen fè paske lè gen anpil pye bwa nan yon zòn, sa fè li jwenn lapli souvan. Relijyon katolik ak relijyon potestan lakòz tou kriz ekolojik n'ap viv nan Peyi Ayiti depi yon pakèt tan paske espirityalite san chèn, san nannan y'ap vann nan anpeche yo pwoteje sa ki pa moun (bèt, plant, dlo, tè...). Lynn Townsend White Jr (1994) ki se yon istòryen ameriken ki fè rechèch sou Mwayennaj analize wòl krisyanis lan nan kriz ekolojik limanite ap viv la : relijyon sa a ki soti nan liv sakre gen tèks²¹ ki ankouraje lèzòm (kreyen ak sa ki pa kreyen) detui lanati paske li ba yo dwa pou yo domine l', paske li separe yo ak li, paske tou li fè yo konnen yo se kreyati ki pi enpòtan pase lòt yo. White (1994 : 300) fè nou konnen kwayans moun enflimanse fason yo konpòte yo ak sa ki pa moun yo : « Ce que font les gens au sujet de leur écologie dépend de ce qu'ils pensent d'eux-mêmes en relation avec les choses qui les entourent. L'écologie humaine

21. Jenèz 1:26 : Bondye di ankò. Ann fè moun. N'ap fè l' pòtre ak nou, pou li sanble ak nou. L'a gen pouvwa sou pwason ki nan lanmè yo, sou zwazo ki nan syèl la, sou tout bèt yo gade, sou tout latè, sou tout bèt nan bwa, sou tout bèt ki trennen sou vant sou tè a.

Jenèz 1 : 28 : Li ba yo benediksyon, li di: Fè pitit, fè anpil anpil pitit mete sou tè a. Donte tè a. Mwen ban nou pouvwa sou pwason ki nan lanmè, sou zwazo ki nan syèl la, ak sou tout bèt vivan k'ap mache sou tè a. <https://www.biblegateway.com/passage/?search=Jen%C3%A8z%201%3A26&version=HCV>.

Pèp endijèn yo pa fè anpil pitit pou resous natirèl yo pa twò itilize (Rabourdin, 2005). Yo sanble konprann lwa ekilib ekolojik pi byen pase pèp ki « fè anpil anpil pitit mete sou tè a ».

Tèks sou esklav Ebre yo montre klè yon moun ka mete yon lòt moun nan esklavay. Exode 21 : 1-6 : Voici les règles que tu leur présenteras. Si tu achètes un esclave hébreu, il servira six années, mais la septième il sortira libre, sans rien payer. S'il est entré seul, il sortira seul; s'il avait une femme, sa femme sortira avec lui. Si c'est son maître qui lui a donné une femme et qu'il en ait eu des fils ou des filles, la femme et ses enfants appartiendront à son maître et il sortira seul. Supposons que l'esclave dise: "J'aime mon maître, ma femme et mes enfants, je ne veux pas sortir libre". Alors son maître le conduira devant Dieu, le fera approcher de la porte ou de son montant et lui percera l'oreille avec un poinçon. Ainsi l'esclave sera pour toujours à son service.

Exode 21:20-21: Si un maître frappe son esclave, homme ou femme, avec un bâton et que l'esclave meure sous ses coups, il sera puni. Mais si l'esclave survit un jour ou deux, le maître ne sera pas puni, car c'est son argent.

Paul ki te mennen esklav Onésime bay mèt li Philémon aprè esklav sa a te ale nan mawon rable nou pratik prèt katolik yo nan koloni Fransè yo. Daprè sa Pè Laba (1722) ekri ak men pa l', li te konn konfese esklav ki te ale nan mawon avan li mande mèt yo aseptè yo.

est conditionnée en profondeur par des croyances sur notre nature et notre destinée – à savoir par la religion. »

Relijyon ki soti nan liv sakre yo di tèt yo pi bon. Yo konsidere lanati tankou kay dyab, tankou yon kote movèzespri (lwa, Satan) ap viv ak tankou kote moun ale fè maji oubyen seremoni pou adore Satan, pou bay dyab manje. Yo menm ak lasyans fè moun nan sosyete modèn yo ak moun ki pratike relijyon ansyen kolon yo kite lanati pou yo pratike yon espiritualite san chè²² (spiritualité d'évasion, escapist spirituality), jan mwen di l' pi wo a. Si vodou se yon relijyon yo dwe sispann meprize ak pèsekite, se paske kwayans li yo, mit natiralis li yo ak ontoloji li fè pratikan li yo viv yon espiritualite ki pèmèt yo konekte ak lanati ak kosmòs la. Lè mwen di lanati, mwen vle pale sou sa nou wè ak je nou ki pa moun (bèt, plant, tè, dlo, wòch...) ak sa nou pa wè ak je nou (lwa). Vodouizan pa wè lanati tankou yon kote ki gen bwa sèlman pou moun koupe san fè atansyon.

Konesans espiritiyèl ak lòt fòm konesans ki gen nan vodou a, se « connaissance de l'interconnexion et de l'interdépendance » (knowledge of the interconnection and interdependence, Colonna, 2024), ki fè relijyon sa a se yon zouti nou dwe anseye nan lekòl nan tout peyi pou n' ka fè fanm ak gason patisipe nan rejenerasyon ak nan reparasyon latè ak sa ki ap viv sou li (moun, sa ki pa moun ki poko fin detui ak sa ki disparèt deja koz nou) pou yo ka rive redui pwosesis destriksyon relijyon sa a (relijyosid, vodousid). Vodouizan yo ki wè lasante pi lwen pase pwent nen yo, gen pratik espiritiyèl ki kapab ede medsin rejeneratris wè lòt aspè nan sante moun, paske pou kounya la, li enterese ak kò moun sèlman, yon kò li separe avèk lanati ak lespri mèt kò sa a. Fason vodouizan konprann pwoblematik sante anpeche yo detache l' ak bon rapò yo dwe genyen ak lwa yo (se pou rezon sa a yo adore lwa yo, yo bay lwa manje, yo fè sèvis lwa pou lwa pa fè yo malad, pou lwa kontinye fè zafè yo ap mache byen, pou lwa ka fè yo gen chans jwenn on seri bagay nan lavi yo²³), ak Bondye (yo kwè ki pi pisan pase lwa yo), ak bagay ki gen lwa yo (yo pwoteje bagay ki gen lwa yo pou yo ka jwenn pwoteksyon nan men lwa sa yo), ak mò yo (nan vodou, pa gen lanmò vre paske mò yo vivan nan lespri ak nan kè vodouizan yo), ak moun (respekte moun pou l' pa itilize fòs mal kont ou²⁴), ak lanati (vodouizan yo pwoteje tout bagay ki nan lanati yo panse ki se kay lwa rete, tout bagay yo itilize pou fè tretman maladi, pou fè maji).

22. Mwen obsève tip espiritualite sa a lakay anpil Blan ki ap viv nan Loksidan.

23. Se pou rezon sa a, manman m' te konn jete kafe atè chak maten anvan nou bwè. Li te konn fè ofrann sa a ak sa li pa wè (lwa) ki te konn fè komès li ap byen mache.

24. Se poutèt sa, ongan ak manbo ki se espesyalis vodou pwoteje moun kont mal lè yo ofri l' pwen, lè yo mete gadkò sou li oubyen anndan li. Menmsi ou gon bagay sou ou, fòk ou respekte moun paske ou dwe gen rezon (pwovèb la di gangan ba ou pwen, li di ou pa monte palmis tèt anba), paske yon moun ka gen on bagay sou li ki pi pisan pase pa ou la (pwovèb la di si fè pa t' koupe fè, machòkèt pa t'ap viv).

Nan vodou, gen lasante, se lè tout bagay ap mache byen : kòmès la gen benefis; bèt la (yo) ap fè pitit; timoun yo pa double klas; fanm nan pa gen pèdisyon; rekòt²⁵ la (yo) bon ane a, elatriye. Konsepsyon rejeneratè ak reparatè sa a ki pa gen anyen pou l' wè ak fason Oksidanto konprann lasante, fè vodouizan yo gon filozofi egzistansyèl ki anpeche yo wè tèt yo sèlman nan yon monn kote entèkoneksyon se yon bagay vyolasyon l' bay moun ak lanati anpil pwoblèm. Vodou li menm se yon pedagogi rejeneratè ak reparatè ki chita sou senk prensip moral : 1) pwoteje tèt ou pou mal pa rive ou, pou anpeche malè rive ou ankò; 2)pwoteje aktivite ou tankou kòmès ak agrikilti; 3) reponn moun ki mande pwoteksyon; 4)pwoteje lanati; 5) konsidere latè, sa ki ladan ak sa ki sou li tankou yon bagay sakre kèlkeswa kote ou ye²⁶.

Vodou pi modèn pase relijyon moun ki di yo sivilize yo paske pratikan li yo gon konsyans ki fè yo fè tout sa yo kapab pou yo rete konekte ak moun, ak lespri yo (lwa, mò), ak lanati ak kosmòs la. Pratikan sa yo pa konsidere tèt yo tankou moun ki ka separe yo ak lòt. Ontoloji relasyonèl yo a se yon ontoloji rejeneratè ak reparatè. Nou kapab di vodou ayisyen an se yon pedagogi rejeneratè ak reparatè paske Afriken yo te mete nan esklavay yo te kreye l' pou yo te kenbe sa ki fè yo moun nan yon koloni kote lang, kilti, relijyon ak kosmogoni zansèt yo t'ap pase san rete anba traktè kolon yo.

Nan vodou chak fenomèn natirèl tankou pye bwa, larivyè ak chit dlo kapab vin yon tanp pou ongan ak manbo geri malad. Daprè yon rechèch mwen te fè sou foli ak pèdisyon (Damus, 2023b; Damus, 2023c), lanati se yon tanp pou trete moun fou ak fanm ki gen pèdisyon. Sa pa vle di, espesyalis vodou yo pa t' kòmanse tretman yo lakay yo (nan badji yo) oubyen lakay malad yo avan yo mennen yo nan lanati. Vodou se yon sistèm medikal sanzèt nou yo kite pou nou. Li gon kosmovizyon terapetik ki anpeche l' separe malad ak lanati, ki fè li mete nan lanati malad ki t'ap pran swen nan lopital, ki fè li wè koz yon maladi kapab soti nan yon lespri ki ap viv nan lanati. Kwayans nan kapasite lespri ki ap viv nan lanati pou fè moun tonbe malad lè yo mande yo fè l' ak kwayans nan kapasite lòt lespri ki ap viv nan lanati pou geri maladi yo pa koz, fè vodou diferan ak sistèm medikal oksidantal la. Metòd terapetik vodouizan yo se yon teknik rejeneratè ak reparatè sou plan kòporèl, sou plan ekolojik ak sou plan espiyèl.

Yon ongan esplike mwen kijan li te trete yon dam ki te vin an pèdisyon paske yon matlòt te mare vant li kay Mèt sous. Li te ale fè ofrann bò yon larivyè, li repete sa pou l' repete, li plonje dam nan ladan, benyen l' ladan, li fè l' di twa pawòl ak lespri ki nan larivyè a. Aprè li fin plonje

25. Papa m' te malad. Yon ongan te vini lakay li pou l' te fini yon tretman. Li te mete on bagay nan fetay kay la. Yon kòd nèf ki mare yon boutèy kola. Se sa mwen sonje. Ongan sa a te sòti nan mòn. Li te rele Bibit. Li mouri deja. Men pawòl sa a li te di ki fè m' ekri tout bagay sa yo : «Yon moun ka rale jaden yon lòt. Jaden pa li a ap bay gwo patat. Men pa lòt moun nan ap bay ti patat. »

26. Tibebe yon dam ki te fenk soti Kamewoun te tonbe malad. Li ap viv Kanada ak timoun nan. Li pran tè ak fèy pou l' fè remèd pou timoun sa a. Dam sa a ale nan mès katolik chak dimanch. Sa pa anpeche l' kenbe kwayans zansèt li yo.

dam nan twa fwa nan rivyè a, li kase lyann li te mare senti li a. Jès sa a vle di, vant dam nan demare pou l' ka tonbe ansent. Ann li temwanyay la nèt an fransè :

Une matelote a noué le fœtus d'une femme chez maîtresse Source (mèt Sous). Elle est un loup-garou (*movezè*). Elle s'est rendue chez maîtresse Source. Elle a noué le fœtus de la femme enceinte sous la source d'eau. C'est là où le ventre de cette femme est noué. Un esprit m'a dit : « Tu vas démarrer son ventre. » Je lui ai répondu que je ne pourrais pas le faire. Il m'a rétorqué : « C'est moi qui t'autorise à aller le faire. » Il m'a expliqué ce que je devais faire pour dénouer le ventre de la femme. Le lendemain, j'ai raconté mon rêve à la femme et à son mari. Celui-ci m'a dit qu'il cherchait quelqu'un pour démarrer le ventre de sa femme, mais qu'il verrait de préférence un autre houngan. De plus, il a dit que s'il ne trouvait pas une solution auprès de ce dernier, il reviendrait chez moi. Après six mois, lui et sa femme sont revenus me voir pour me demander de faire une thérapie. Je leur ai demandé de découper une calebasse pour faire un coui. J'y ai mis toutes sortes de nourritures : du pain d'épices, de la cassave, du pain, du nougat (*dous*), des cacahuètes et du maïs torréfiés. J'y ai également ajouté de la patate douce et du manioc préalablement cuits (*boukannen*) sous la cendre chaude, un hareng salé grillé sur du charbon de bois. Ensuite, la femme et moi sommes rendus à l'embouchure d'une grosse rivière, là où deux eaux se rencontrent. J'ai déposé une bougie allumée de part et d'autre de la rivière. La femme souffrant de la *pè-disyon* s'est tenue debout au milieu de la rivière. J'ai soulevé en l'air le coui d'aliments tout en articulant des paroles. Conformément aux instructions de l'esprit, j'ai tourné ma face vers le bas, vers le sud et vers le nord, tout en disant des paroles à chaque fois. Nous sommes allés à la rivière à dix heures du soir. J'ai savonné le ventre de la femme avec un morceau de savon à lessive tout neuf. J'ai utilisé une liane dite grifchat (griffe-chatte. Cette liane contient des pattes) pour mesurer la taille de la femme. J'ai noué sa ceinture ou son bas-ventre avec cette liane. L'esprit m'a dit de demander à la femme de se tenir debout à l'endroit où les deux eaux se rencontrent. Deux morceaux de bougie et deux morceaux de chandelle ont alors été allumés au milieu desquels se trouvaient les aliments à consommer. J'ai demandé à la femme de manger d'abord les yeux du hareng salé. Elle a jeté dans les eaux une miette de chacun des aliments consommés. L'esprit m'a demandé de lui transmettre de sa part des paroles à adresser aux eaux. Les aliments ont été déposés au bord de l'eau. Pour la première fois, j'ai plongé la femme dans la rivière. Elle y a prononcé des paroles. Pendant qu'elle parlait, l'eau entraînait en ébullition. On ne pouvait pas l'entendre parler. L'esprit m'a dit de lui demander de prononcer trois paroles sous les eaux avant d'émerger. Je l'ai savonnée de la tête aux pieds. Elle s'est plongée trois fois dans la rivière. J'ai rompu la liane avec laquelle j'avais noué sa ceinture. La liane brisée et les vêtements de la femme ont été jetés dans l'eau. L'esprit m'a dit de demander à cette femme d'ouvrir ses jambes pour que j'y fasse passer le coui de nourritures dans lequel une bougie s'allumait. L'esprit m'a dit de dire à la femme de regarder vers le haut pendant que je passe le coui entre ses jambes avant de le déposer dans l'eau. Elle n'a pas été autorisée à regarder en arrière. Je l'ai rhabillée. Comme attendu, son ventre est devenu gros au bout de six mois. Elle a mis au monde un enfant dont je suis le parrain (Damus, 2023c : 106-107).

KONKLIZYON

Menmjan ontoloji dyalis lasyans modèn ak krisyanis fè yo fè zak ki responsab kriz ekolojik lokal ak kriz ekolojik mondyal n'ap viv depi 1492 rive jodi a, menmjan tou ontoloji relasyonèl relijyon vodou fè li patisipe nan pwoteksyon lanati ak planèt la. Pou istoryen White (1994 : 306), se yon lòt relijyon ki pou ede nou soti nan kriz sa a, men se pa ranfòsman lasyans ki koule nan moul krisyanis (teyoloji kretyèn natirèl, aksyòm kretyen), ak ranfòsman teknoloji ki ap bay solisyon an : « Plus de science et plus de technologie ne vont pas nous faire sortir de la crise écologique présente, à moins que nous ne trouvions une nouvelle religion ou repensions notre ancienne. »

Mwen panse vodou se youn nan relijyon lemonn antye ka itilize pou redui kriz ekolojik la paske valè fondanatal li yo, fè l' bay tout kreyati valè, anpeche l' separe vodouizan yo ak lòt kreyati yo. Pou sa fèt, nou dwe vodouize monn nan pou n' kapab sakralize kreyati yo ak resakralize bagay ki te sakre ki nan lanati krisyanis ak lasyans ap detui depi plizyè syèk. Se vodou ak lòt relijyon ansestral yo, dominan yo di ki se bagay payen yo ye, ki gen konesans entèkoneksyon lokal ak mondyal (an fransè, connaissances de l'interconnexion locale et mondiale) ki kapab ranfòse pwosesis sakralizasyon kreyati yo ak pwosesis dekolonizasyon imajinè nou. Si relijyon katolik ak relijyon potestan pouse pratikan pa yo desakralize kreyati yo, pou n' redui kriz ekolojik ki la depi digdantan fòk pwosesis krisyanizasyon monn nan diminye. Si lasyans pa detui krisyanis, se paske yo koule nan menm moul ontolojik, se paske tou toude ap sèvi menm mèt : kapitalis (Weber, 2017). Mèt sa a itilize krisyanis tankou yon senp zouti pou l' detui animis ki patisipe nan pwoteksyon lanati : « En détruisant l'animisme païen, le Christianisme a rendu possible l'exploitation de la nature dans un climat d'indifférence aux sentiments des objets naturels » (White, 1994 : 302).

Entolerans ontolojik ak entolerans epistemik lasyans ak relijyon monoteyis²⁷ yo ki ap sèvi kapitalis la, p'ap kite relijyon moun yo di ki enferyè yo tounen yon egzanp tout kote pou redui kriz ekolojik la, pou ankouraje lèzòm modèn ki pase pifò tan yo nan tou (anndan kay, anndan legliz, anndan machin, anndan avyon, anndan biwo...) bay tèt yo yon plas nan lanati oubyen retounen anndan l'. Si lasyans pa gen konsyans, moun ki ap fè lasyans dwe genyen l' pou yo kapab bay lanati on plas nan refleksyon moral yo pou yo ka pran prekosyon (Jonas, 1990) ki dwe pran nan konsepsyon, nan elaborasyon ak nan eksperimantasyon zouti ak konesans. Tolerans ontolojik ak tolerans epistemik vodou kapab itilize pou mete fen nan lagè ontolojik ki koz kriz ekolojik lokal ak kriz ekolojik mondyal la tou. Ansèyman vodou ap pèmèt nou espir-

27. Pè fransiskan Bernardo J. Przewozny (1990, cité par Luyckx, 1991 : 65) montre nou tip entolerans sa yo nan deklarasyon sa a : « Comme de nombreux auteurs l'ont démontré, la recherche d'un modèle alternatif du rapport de l'homme à son environnement, est inspirée par une démarche peu honnête. Dans le cas de White, Toynbee, et d'autres, ce modèle est basé sur l'animisme primitif. Cette démarche est peu honnête car elle attribue la responsabilité du désastre écologique non seulement à la Tradition judéo-chrétienne, mais au monothéisme. »

ityalize ekoloji syantifik, ap ban nou chans pou nou plante konsyans (Rabourdin, 2012) nan kè timoun jodi ki pral granmoun demen.

REFERANS

- Ardouin, Beaubrun (1853). *Études sur l'histoire d'Haïti suivies de la vie du général J.-M. Borgella*, tome 1. Paris : Dezobry et E. Magdeleine.
- Alexis, Jacques Stéphen (1941, 19 novembre). Le Crépuscule des Légbas. *Le Matin*.
- Biet, Antoine (1664). *Voyage de la France équinoxiale en l'isle de Cayenne, entrepris par les François en l'année MDCLII*. Paris : Chez François Clouzier.
- Bernardo J. Przewozny (1990). La Dimensione culturale ed etica della crisi ambientale in *Volto della Terra*, volto di Dio. Florence.
- Boniface, Camara Joseph (2021). La religion, nouvel outil du néocolonialisme en Afrique? In: *Recherches Internationales*, n°121. Problèmes contemporains de l'Afrique subsaharienne. pp. 163-183; doi : <https://doi.org/10.3406/rint.2021.3102>.
- Bohrmann, Monette (1998). L'esclave dans la religion juive. In : *Dialogues d'histoire ancienne*, 24-2, pp. 25-39.
- Brière, Claire, Carré, Olivier (2015). *Islam : guerre à l'Occident?* Paris : Livres numériques divers.
- Charlier, Phillipe (2020). *Vaudou. L'homme, la nature et les dieux*. Bénin. Paris : Plon.
- Charnay, Jean-Paul (1986). *L'Islam et la guerre de la guerre juste à la révolution sainte*. Paris : Fayard.
- Colbert, Jean-Baptiste (1685). *Code noir ou Recueil d'édits, déclarations et arrêts concernant Les Esclaves Nègres de l'Amérique, avec Un Recueil des Réglemens, concernant la police des Isles Françaises de l'Amérique & les Engagés*. Paris : Libraires associés.
- Colonna, Angela (2024). Embodied knowledge and communities of knowledge to cohabit the Earth. *Prospects*. <https://doi.org/10.1007/s11125-024-09684x>.
- Coulais, Juliette, Guillerot-Malick, Apolline (2024). *Au Bénin, la religion vaudou protège la mangrove*. *Reportage-Écologie et Spiritualité*. <https://reporterre.net/Au-Benin-la-religion-vaudou-protege-la-mangrove>.
- Damus, Oubrant (2024). Regenerative and restorative pedagogy: The foundation of a new contract for cognitive justice. UNESCO-IBE *Prospects*. <https://doi.org/10.1007/s11125-024-09683-y>.

- Damus, Oibrillant (2023a). « La educación para la concientización planetaria » (Planetary consciousness Education), in Damus, Oibrillant, Giang, Chen, Duffé Montalván, Aura Luz, Sánchez-Antonio, Juan Carlos, Wulf, Christoph (dir.), *Anthropologie des savoirs des Suds*, n° 1. *Plaidoyer pour les pédagogies régénératrices et réparatrices*. Sherbrooke (Canada) : Les Éditions de l'Université de Sherbrooke (ÉDUS), ISSN : 2817-4070, pp. 200–216, URI: <http://hdl.handle.net/11143/20539>, <https://doi.org/10.17118/11143/20539>.
- Damus, Oibrillant (2023b). « Konstriksyon sosyal maladi foli nan peyi Ayiti »), in Damus, Oibrillant, Giang, Chen, Duffé Montalván, Aura Luz, Sánchez-Antonio, Juan Carlos, Wulf, Christoph (dir.), *Anthropologie des savoirs des Suds*, n° 1. *Plaidoyer pour les pédagogies régénératrices et réparatrices*. Sherbrooke (Canada) : Les Éditions de l'Université de Sherbrooke (ÉDUS), ISSN : 2817-4070, pp. 116–136, URI: <http://hdl.handle.net/11143/20535>, DOI: <https://doi.org/10.17118/11143/20535>.
- Damus, Oibrillant (2023c). « La construction sociale de la pèdisyon (perdition) en Haïti », in Damus, Oibrillant, Giang, Chen, Duffé Montalván, Aura Luz, Sánchez-Antonio, Juan Carlos, Wulf, Christoph (dir.), *Anthropologie des savoirs des Suds*, n° 1. *Plaidoyer pour les pédagogies régénératrices et réparatrices*. Sherbrooke (Canada) : Les Éditions de l'Université de Sherbrooke (ÉDUS), ISSN : 2817-4070, pp. 100 –115, URI: <http://hdl.handle.net/11143/20534>, DOI: <https://doi.org/10.17118/11143/20534>.
- Damus, Oibrillant (2021a). « L'atelier de dialogue local, une technique d'enquête pour la promotion de la santé materno-infantile », *Études caribéennes* [Online], 48 URL: <http://journals.openedition.org/etudescaribeennes/20898>; DOI: <https://doi.org/10.4000/etudescaribeennes.20898>.
- Damus, Oibrillant (2021b). « Réflexions sur la tolérance et l'intolérance épistémico-ontologiques », *Études caribéennes* [En línea], 50 | Décembre 2021, Publicado el 15 diciembre 2021, consultado el 04 abril 2024. URL: <http://journals.openedition.org/etudescaribeennes/22597>; DOI: <https://doi.org/10.4000/etudescaribeennes.22597>.
- Damus, Oibrillant (2020). « Le rôle des matrones dans la gestion et l'utilisation durable de la biodiversité en Haïti. Matrimonialisation et sauvegarde de leur métier », *Études caribéennes* [En ligne], 45-46 | Avril-Août 2020, consulté le 15 mars 2025. URL : <http://journals.openedition.org/etudescaribeennes/18967>.
- Damus, Oibrillant (2017). "Las prácticas profesionales de las comadronas tradicionales en Haití: entre salud, biodiversidad y espiritualidad", in B. Baptiste et al. (éds), *Knowing our Lands and Resources. Indigenous and Local Knowledge of Biodiversity and Ecosystem Services in the Americas*. Paris: UNESCO. En ligne : <https://unesdoc.unesco.org/ark:/48223/pf0000368172>.
- Danvers, Francis (2019). *S'orienter dans la vie : une expérience spirituelle ? Pour des sciences pédagogiques de l'orientation - Dictionnaire de sciences humaines - Tome 4, de la 701^e à la 800^e Considération*. Villeneuve d'Ascq cedex : Presses Universitaires du Septentrion.

- Dumesle, Hérard (1824). *Voyage dans le nord d'Hayti, ou Révélation des lieux et des monuments historiques*. Aux Cayes, Haïti: Imprimerie du Gouvernement.
- Dirzo, R., Young, H. S., Galetti, M., Ceballos, G., Isaac, N. J. B., & Collen, B. (2014). Defaunation in the Anthropocene. *Science*, 345(6195), 401–406. <https://doi.org/10.1126/science.1251817>.
- Douyon, Emerson (1969). (1969). La transe vaudouesque : un syndrome de déviance psycho-culturelle. *Acta Criminologica*, 2(1), 11–70. <https://doi.org/10.7202/017006ar>.
- Dorsainvil, Justin Chrysostome (1975). *Vodou et névrose: médico-sociologie*. Port-au-Prince : Éditions Fardin.
- Du Tertre, Jean-Baptiste (1667). *Histoire générale des Antilles habitées par les François. Tome II. Contenant l'histoire naturelle enrichie de Cartes et de Figures*. Paris. Chez Thomas Jolly.
- Escobar, Arturo (2018). *Sentir-penser avec la terre. Une écologie au-delà de l'Occident*. Paris: Seuil.
- Fassassi, Assani (2002). *Le péché du pape contre l'Afrique: Jésus-Christ outragé, l'Afrique courroucée*. Éditions Al Qalam.
- Flori, Jean (2019). *Guerre sainte, Jihad, Croisade. Violence et religion dans le christianisme et l'islam*. Paris : Livres numériques divers.
- Hurbon, Laënnec (1993). *Les mystères du vaudou*. Paris : Gallimard.
- Jonas, Hans (1990). *Le principe responsabilité. Une éthique pour la civilisation technologique*. Paris : Cerf.
- Kolbert, E. (2015). *La 6^{ème} extinction. Comment l'homme détruit la vie*. Paris : Vuibert.
- Labat, Jean-Baptiste (1722). *Nouveau voyage aux Isles de l'Amérique : voyage au pays des flibustiers et des Caraïbes*.
- Lewis, S. L., & Maslin, M. A. (2015). Defining the Anthropocene. *Nature*, 519, 171–180. <https://doi.org/10.1038/nature14258>.
- Luyckx, Marc (1991). *Les religions face à la science et la technologie*. Bruxelles : F.A.S.T.
- Maximilien, Louis (1945). *Le vodou haïtien. Rites radas-canzo*. Port-au-Prince : Imprimerie de l'État.
- Magloire, Lauture (2007). *Le vaudou à la lumière de la Bible*. Port-au-Prince : Le Béréen.
- McClellan III, James Edward (2010). *Colonialism and science: Saint Domingue in the old regime*. Chicago: University of Chicago Press.

- Mezilas, Glodel (2015). *Que signifie philosopher en Haïti? Un autre concept du vodou*. Paris : L'Harmattan.
- Meudec, Marie (2007). *Le kout poud: maladie, vodou et gestion des conflits en Haïti*. Paris : L'Harmattan.
- Métraux, Alfred (1958). *Le vaudou haïtien*. Paris : Gallimard.
- Michel, Claudine (1995). *Aspects éducatifs et moraux du vodou haïtien*. Port-au-Prince : Le Natal.
- Ngbelu, Josaphat, Ememotedoy, Moyoko et Lukenge, Y. (2015). Espaces sacramentaux et gestion écologique de la santé dans la médecine traditionnelle africaine. Dans Biniama, Bernard Fansaka (dir.), *Écologie, traditions africaines et développement. Enjeux environnementaux en Afrique subsaharienne*, pp. 121-132. Paris : Karthala.
- Opoku, Kofi Asare (1987). La religion en Afrique pendant l'époque coloniale in Boahen, A. Adu (éd), *Histoire générale de l'Afrique VII l'Afrique sous domination coloniale, 1880-1935*, pp. 549-579. Paris : UNESCO.
- Peters, Carl-Edward (1960). *La Croix contre l'asson*. Port-au-Prince : Imprimerie La Phalange.
- Paulémon, Mésa (2011). *Vodou et évangélisation* [Mémoire non publié]. Université de Sherbrooke.
- Poizat, Denis (2008). Le vodou, la déficience, la chute. *Reliance*, n° 29, pp. 9-17.
- Pluchon, Pierre (1987). *Vaudou, sorciers, empoisonneurs : de Saint-Domingue à Haïti*. Paris : Karthala.
- Price Hannibal (1898, 2012). *De la réhabilitation de la race noire par la République d'Haïti*. Fardin : Port-au-Prince.
- Rabourdin, Sabine (2012). *Replanter les consciences. Une refondation de la relation Homme/Nature*. Gap : Yves Michel.
- Rabourdin, Sabine (2005). *Les sociétés traditionnelles au secours des sociétés modernes*. Paris : Delachaux et Niestlé.
- René, Junior Fils (2016). *Nannan solèy nan karès lawouze*. Massachussetts : JEBCA.
- Saint-Louis, Fridolin (2000). *Le vodou haïtien. Reflet d'une société bloquée*. Paris : L'Harmattan.
- Vignaux, Hélène (2009). Chapitre premier. La justification de l'esclavage et de la traite. In : *L'Église et les Noirs dans l'audience du Nouveau Royaume de Grenade* [en ligne]. Montpellier : Presses universitaires de la Méditerranée, (généré le 09 avril 2024). DOI : <https://doi.org/10.4000/books.pulm.501>.

Vonarx, Nicolas (2012). *Le vodou haïtien : entre médecine, magie et religion*. Québec : Presses universitaires de Laval.

Weber, Max (2017). *L'éthique protestante et l'esprit du capitalisme*. Paris : Flammarion.

White, Lynn Townsend, Jr (1994). Les racines historiques de notre crise écologique in Goffi, Jean-Yves (dir.), *Le philosophe et ses animaux : du statut éthique de l'animal*. Nîmes : Jacqueline Chambon.

Wirkus, Faustin (1932). *Le roi blanc de La Gonâve. Le culte du vaudou en Haïti. 1915-1929*. Paris : Payot.

Zahan, Dominique (1980). *Religion, spiritualité et pensée africaines*. Paris : Payot.